



Rapèl: Vin nan yon aktivite vityèl sou òf ak lisdatant nan lekòl presegondè!

Chè fanmi,

Sonje, n ap òganize aktivite vityèl andirèk sou òf ak lisdatant nan jou **4, 9, ak 11 avril**.

Vin patisipe avèk nou nan yon sesyon enfòmasyon vityèl andirèk (live) sou òf ak lisdatant nan lekòl presegondè. Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen. Chak aktivite ap fèt vityèl, donk ou ka patisipe nenpòt kote ou ye!

Nan chak aktivite sou entènèt sa yo, n ap pale sou:

- Kòman pou jwenn aksè nan òf lekòl presegondè pitit ou a
- Navige nan lisdatant yo:
  - Mete w sou lisdatant
  - Kòman yo fè òf sou lisdatant
  - Kisa pou fè si w resevwa yon òf sou lisdatant

#### **Kòman pou patisipe:**

- Yo ap fè chak sesyon live sou Zoom. Sèlman klike <https://bit.ly/MSSpringEvents2024> lè sesyon an ap kòmanse epi antre passcode **#123456** pou konekte.
- Se sou menm bagay y ap pale nan chak sesyon yo, men **yo pral bay sèvis entèpretasyon diferan nan diferan jou yo**, konsa:
  - **Jedi 4 avril**, 5pm to 6pm | Sesyon an ap fèt nan lang Anglè ak nan Langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL). Ap gen entèpretasyon nan lang: Bengali, Koreyen, Panyòl
  - **Madi 9 avril**, 5pm to 6pm | Aktivite a ap fèt nan lang Angle ak Langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL). Ap gen entèpretasyon nan lang: Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Oudou
  - **Jedi 11 avril**, 1pm to 2pm | Sesyon an ap fèt nan lang Anglè ak nan Langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL). Ap gen entèpretasyon nan lang: Arab, Fransè, Ris
- **Sèvis entèpretasyon:** W ap jwenn nimewo telefòn pou lang y ap bay yo nan [schools.nyc.gov/MS](https://schools.nyc.gov/MS).



**Ou p ap ka patisipe, oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon?**

- Ale sou [schools.nyc.gov/MS](https://schools.nyc.gov/MS). Yon anrejistreman ki gen soutitraj (caption) ap disponib sou sitwèb nou an yon jou apre premye aktivite a.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl presegondè a

Biwo enskripsyon elèv

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Pa bliye mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl presegondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp). Si w pa vle resevwa mesaj ankò sou admisyon nan lekòl presegondè, tanpri klike [la a](#).